

METE YON MASK NAN FIGI W

Si yon kliyan antre nan antrepriz ou san mask, **ou ka mande li pou li kouvri nen li ansanm ak bouch li ak yon mask pandan li anndan an.** Tout moun dwe mete yon mask dapre lalwa (sof si lalwa pa mande li sa), **MENM si yo pran vaksen an.**

Si yon kliyan kontinye refize fè sa, **ou ka:**

- **Mande li sa yon dezyèm fwa,** oswa mande pwopriyetè a/manadjè a pou pale ak kliyan an.
- **Fè pase yon anons jeneral** bay tout kliyan yo pou raple yo koze mete mask la se yon obligasyon.
- **Ofri yo sèvis livrezon pwodui yo sou twotwa,** epi mande yo pou yo rete tann deyò jiskaske kòmman yo an pare.

Nan kèk sikonstans, **ou ka toujou nan sitiyan pou w kominike ak yon kliyan ki pa gen mask.**

- **Pwoteje tèt ou**
 - Kouvri nen ou ansanm ak bouch ou ak yon mask
 - Kenbe omwen yon distans 6 pye (2 mètr), oswa kanpe pi lwen posib
 - Nan ka ijans, rele nan 911



Si yon kliyan pa gen mask:

KESYON YO POZE SOUVAN SOU EGZIJANS METE YON MASK NAN ANTREPRIZ YO

Èske antrepriz yo dwe fòse kliyan yo mete mask?

Antrepriz nan Philadelphia yo gen obligasyon pou fè si kliyan yo mete mask nan figi yo. Mask nan figi redwi nan jan maladi COVID-19 la gaye epi li sove vi moun.

Èske antrepriz yo ka deside pa kominike oswa sèvi kliyan ki pa mete yon mask nan figi yo?

Antrepriz yo ka deside pa kominike ak oswa sèvi yon kliyan ki pa mete yon mask nan figi, men yo ka mande antrepriz yo pou yo bay sèvis yo oswa fè yon aranjman ki rezonab nan kèk sikonstans (tankou, si yon kliyan gen yon andikap ki anpeche li mete mask).

Kijan yon anplwaye ka mande yon kliyan pou li mete yon mask nan figi li?

Si yon kliyan antre nan antrepriz ou san mask, ou gen dwa pou apwoche li pou mande li nan yon fason ki aseptab pou li kouvri nen li ansanm ak bouch li ak yon mask, yon chal, yon mouchwa, oswa lòt bagay ki ka kouvri pandan yo anndan an.

Yon dezyèm demann ka fèt, oswa pwopriyetè a oswa manadjè a ka apwoche kliyan an pou fè yon demann.

Si ou pa santi w alèz pou ou ale apwoche yon kliyan poukont ou, ou dwe jwenn èd yon lòt anplwaye, oswa yon anons jeneral ka fèt nan opalè pou tout kliyan yo ka jwenn rapèl konsènan obligasyon mete yon mask la.

Bay tèt ou ase espas pou ka bouje rapid si kliyan an ta reyaji ak vyolans. Ou pa janm dwe apwoche yon kliyan nan yon fason ki plen vyolans oswa fòse li fè yon bagay. Evite apwoche kliyan an kote ki pa gen twòp espas, tankou nan mitan koulwa yo oswa devan yon mi. Ou pa janm dwe mete tèt ou nan ris kote oumenm oswa lòt yo pa an sekirite.

Si yon kliyan reyaji nan yon fason ki menase w fizikman oswa ki kreye yon sitiyasyon ijans, rele nan 911.

Ki lòt opsyon nou ka ofri yon kliyan ki refize mete byen mete yon mask nan figi li?

Nou ka ofri li sèvis livrezon pwodwi li yo lakay li oswa sou twotwa. Mande kliyan an pou li soti deyò pou li tann livrezon li an.

Ki kèk teknik ki genyen pou bese tansyon sitiyasyon an lè n ap pale ak yon kliyan ki refize mete yon mask nan figi li?

Kenbe figi w yon fason ki ekilibre - eseye pou pa fonsè je w.

Pale ak yon vwa ki klè nan yon volim ak yon vitès ki nòminal.

Kenbe kontak je epi redwi nan jès ou fè ak men w yo.

Itilize yon langaj kòporèl ki ouvè, tankou kenbe yon pozisyon ki alèz epi lage bra w.

Kisa ki ka rive si yon kliyan refize mete yon mask nan figi li apre yo te mande li fè sa nan yon fason ki aseptab?

Anplwaye yo te chwazi pou fini fè lavant lan dwe fè si yo swiv pwotokòl sekirite nòminal yo san mank: mete yon bon mask ki kouvri nen an ak bouch la, kanpe lwen kliyan an nan yon distans omwen 6 pye (2 mètr), epi byen lave men yo oswa jèl dezenfektan pou redwi ris yo.

Pou plis enfòmasyon sou demach antrepriz yo ka fè pou kenbe kliyan yo ak anplwaye yo an sekirite ale nan WWW.PHILA.GOV/COVID-19.

